

Боккха эшам хилла нохчийн къоман журналистикина тахана. Шийлачу Iожалло къинхетамза катоьхна вайна юкъара хеназа яьккхи Жумалаева Лула. Нохчийн оьздачу мехкарех тоьллачарех цхьаъ яра иза. Ховха нана, муьтIахь хIусамнана, хьуьнаре зуда, похIме журналист, яздархо. Доза доцуш деган комаьршалла яра цуьнца. Дерриге а дуьне маракъовллал халкъе а, махке а нуьцкъала безам бара. Лула хьанала къинхьегамхо яра. 2004-чу шарахь дуьйна цхьана дийнахь балхана юкъара ца йолуш ша кхоьллинчу "Нана" журналехь къахьоьгуш яра Лула. Зорбане баккхале журналера хIора могIа, хIора хьаьрк шен экамчу сица луьттуш, цIийца лозуш, сирлачу ойланца цIинбеш хуьлура цуьнан. Цундела дара "Нана" журнал шатайпачу башхаллица къаьсташ, вайна массарна дукхадезаш. Нохчийн къоман журналистикехь мах боцу беркат хилла дIахIоьттина дара "Нана" журнал, коьртачу редакторан говзаллин лаккхарчу тIегIанехь йолу корматалла бахьнехь. Нохчийн къоман тешаме йоI, оьзда зуда яра Лула. Ша схьаяьллачу къоман зовкх деба лууш, хаарийн серло яржош йогIура иза шен дахаран новкъахь. Амма тахана чекхдевли, белхан накъостийн дегнаш Iовжош, цо гездина атта доцу журналистан некъаш. ДIабай цуьнан къеггиначу похIмин чиркх, нохчийн къоман журналистика кхолош, иза тIаьххьарчу новкъа ели, вай тIаьхьа делхош. Дала декъала

йойла хьо, тхан хьоме Лула! Хьайн хIусамах Веза-Воккхачу Дала йоккхаейойла хьо! Ялсаманин хьаша хуьлда хьох а, тIаьхьадахка дезачу тхох а!

Аза Газиева